

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil jeung pedaran panalungtikan. Ieu panalungtikan ngajawab ngeunaan kamampuh maca warta siswa ngagunakeun stratégi PRP, bisa dicindekeun jadi sababara hal saperti di handap.

- a) Kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2019/2020 di kelas kontrol kagolong teu tuntas rata-rata skorna 49,7 tina KKM 75 kalayan peunteun pangluhurna 75, ari panghandapna 25. Dina aspék nu kahiji aspék maham kana eusi warta nyaéta sacara rata-rata nyaéta 2,3. Hartina siswa maham kana eusi warta luyu jeung téma tapi teu nepikeun informasi. Anu kadua aspék wirahma/témpo nyaéta sacara rata-ratana 2,7. Hartina siswa nalika maca warta wirahma/ témpo aya nu salah. Anu katilu aspék artikulasi nyaéta sacara rata-ratana 2. Hartina siswa nalika maca warta dina aspék artikulasina bener tapi kurang merenah. Anu kaopat aspék léntong nyaéta sacara rata-ratana 2,3. Hartina siswa nalika maca warta dina aspék lentongna aya kénéh nu salah.
- b) Kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2019/2020 di ékspérímén kagolong kana tuntas rata-ratana 79,5 di luhur KKM. Dina aspék maham kana eusi warta nyaéta sacara rata-ratana 3,8. Hartina siswa maham kana eusi warta luyu jeung téma, nepikeun informasi cukup. Aspék kadua aspék artikulasi nyaéta sacara rata-ratana 4. Hartina siswa geus bisa ngalarapkeun artikulasi nu bener. Aspék nu katilu aspék wirahma/témpo nyaéta sacara rata-ratana 3,6. Hartina siswa geus bisa ngalarapkeun wirahma/témpo nu bener. Aspék nu kaopat aspék léntong nyaéta sacara rata-ratana 3,8. Hartina siswa geus bisa ngalarapkeun lentong nu bener.
- c) Dina hasil panalungtikan di luhur stratégi PRP éfektif lantaran kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2019/2020 di kelas kontrol rata-rata skorna 49,7 ari di kelas ékspérímén rata-rata skorna 79,5. Ieu hal

katitén tina hasil nyaéta 0,082 kaasup kana normal, lantaran $> 0,05$ ari nilai signifikansi di kelas ekspérimén 0,002 kaasup kana teu normal, lantaran $< 0,05$. Hartina H_0 ditarima jeung H_a ditolak. Hartina aya béda anu signifikan antara rata-rata hasil diajar di kelas ékspérimén (nu ngagunakeun stratégi PRP). Ku kituna, bisa dicindekeun yén stratégi PRP éfektif digunakeun dina pangajaran maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung Taun Ajar 2019/2020. Sabada medar uji normalitas jeung uji homogénitas, satulunya uji hipotésis. Dina ieu panalungtikan, uji hipotésis hasil 3.000, *Wilcoxon W* nyaéta 531.000, Z nyaéta -6.894. Nilai signifikansi dina tabél diluhur nuduhkeun .000. Lantaran hasil Asymp. Sig. (2-tailed) nyaéta 0,000 $< 0,05$. Ku kituna, H_a ditarima jeung H_0 ditolak. Hartina aya béda anu signifikan anatara kamampuh maca warta di kelas kontrol jeung kelas ékspérimén. Ku kituna, bisa dicindekeun yén stratégi PRP bisa éfektif pikeun kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 12 Bandung taun ajar 2019/2020.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, dilarapkeunna Stratégi PRP miboga implikasi yén ieu stratégi pangajaran bisa ditarima ku siswa. Dina prak-prakanna ieu stratégi pangajaran téh ngirut jeung dipikaresep ku siswa. Nalika diajar nu ngagunakeun konsép latihan sacara di aping ku guru jeung latihan sacara babarengan jeung babaturan kelompok, dimana dina tiap kelompok aya 2 urang siswa. Ieu hal ngungkulan sangkan siswa dina diajarna teu monoton jeung piboseneun, siswa tuluy ngameragakeunkeun maca warta anu satulunya dikoréksi ku babaturan sorangan. Lian ti éta, nalika prak-prakanna ngagunakeun ieu stratégi siswa nu cicingeun jadi aktif jeung teu éraan deui.

5.3 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeunna ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtik satulunya leuwih hadé sarta aya kamajuan dina prosés diajar ngajar, saperti ieu di handap.

- a) Stratégi PRP éfektif digunakeun dina pangajaran maca warta. Ku kituna, stratégi PRP bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran maca warta.
- b) Perlu diayakeun deui panalungtikan stratégi PRP dina pangajaran séjén sangkan leuwih lega ngeunaan stratégi PRP saperti ngadongéng.